ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ХАБЗЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№46 (21.704) ● 2010 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 18, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр сомы 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

КЪБР-м и Президентым Парламентым зыхуигъэзэнущ

2010 гъэм гъатхэпэм и 19-м КЪБР-м и Парламентым республикэм и Правительствэм и Унэм щрИгъэкІыжыну депутатхэмрэ къраГъэблэгъа хьэщІэхэмрэ зыхэтыну зэІушІэшхэ. Республикэм законэр кыдэзыгъэкІ и орган нэхъыщІхьэм Зорызыхунгъаэзм теухуауэ абы кьыщыпсэльэнущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен. Ар Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщІым депутатхэм епІанэу Зорызахунгъаэ тхыГъэщ.

ЗэІушІэм кърагъэблэгъащ КЪБР-м и Правительствэм хэтхэр, муниципальнэ щІыналъэхэм я Іэтащхьэхэр, судхэм, прокуратурэм, щІыхьэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм, дин, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я унафэщІхэр.

Зорихабзэу, Президентым Парламентым Зорызыхунгъаэзм, блэкІа гъэм и мызакъуэу, иужьрей илъэсипІым республикэм и гъащІэм кьыщыкъуэ зэхъуэкІыныгъэхэр, 2010 гъэм, илъэситху къэкІуэнум кьрунубдзу ди щІыналъэм ИІэну зыужьныгъэм и унэтІныныгъэ нэхъыщхьэхэр щиубзыхуну упэплъэ хьунущ.

Мы гъэм япэ дыдэу КЪБР-м и Президентым и къэпсэльэныгъэр сыхьэт 11-м щыщІэдзауэ занщІэу зэфыщ1ем кІуэу КІуэуэ программэхэр кьэзыт «Къэбэрдей-Балъкъэр» телеканалым (49-нэ канал) кьигъэлъэгъуэнущ, БГТРК-м и кьудамэм - «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпаниемрэ сайтым (http://vestikbtru.) итынущ.

КЪБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

●КЪБР-м и Парламентым и Президиумым

ЖармыкІэхэр зэрырагъэкІуэкІыну щІыкІэр

Законхэр кьыдэзыгъэкІ орган нэхъыщхьэм и Президиумым и зи чэзу зэІушІэр иригъэкІуэкІащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Чеченов Ануар. Депутатхэр абы щытепсэлъыхьащ «Жармыкіэхэр я гъжьыгъэ кьызэрызэрагъэпэщ щІыкІэм и Іуэхуко» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законым и проектым.

МЫ ДОКУМЕНТЫР зыгъэхьэзыра комитетым и унафэщІым и кьудзэ **КуэущІыскоъуэ Юрий** зэрыкиІамкІэ, законопроектым еубзыху республикэм жармыкІэхэр кьыщызэгъэпэщыным пыщІа Іуэхуэр. Законопроектым наІуэу щызэхэгъэкІащ и инагькІэ, зытещІыхьа Іуэхукіэ, сатум и Іэмалу кьыщагъэсэбэпхэмкІэ, нэгъуэщІхэмкІи жармыкІэхэр зэрызэпэщхьащІыр. Абыхэм кьадэкІуэу законым и проектым гурыІуэгъуэу щызэпкърыхащ жармыкІэхэр кьызэгъэпэщынымкІэ хуитынымгъэ зиІэхэр, зэрэр егъэкІуэкІыжынымкІэ тегъэщІапІэхэр, жармыкІэм хэтын папщІэ заявкэхэр кьызэрыІахьр, абыхэм щыгъуэм хуей документхэр. Іуэхугъуэ іэхъыщхьэхэм ящыщ сатУ щыпІІаХэм мафІэс къэмыгъэхъунымкІэ, хабзэр хъумэнымкІэ, санитар-эпидемиологие Іуэхуэхмкіэ, кьабзагъэмкІэ мардэхэр щыгъэззщІэныр. Апхуэдэ законыр 2010 гъэм накьыгъэм и 1-м кьару игъуэтын хуэдэу кьаухэщтэну щогугъ.

УхуэныгъэмкІэ, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ, гъэсэныпхъэ-энергетикэ комплексымкІэ комитетым и унафэщІ **Гриневич Валерий** зэІушІэм кьыщыхильхьащ «2002-2010 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и псэупІэ-коммунальнэ комплексым и Іэнатіэм реформэхэр щегъэкІуэкІынымрэ ар кьэгъэщІэрэщІэжынымрэ теухуа республикэ программэ хэхам зэхъуэжынигъэхэр хэлъхьэнымрэ и Іуэхуко» КЪБР-м и законым и проектыр. Абы итІкъ иткІэ зэхъуэжынигъэ пыуухьІакъэр халъхьэнущ программэм хуибыдэ лэжьыгъэхэм. АбыкІэ щхьэусыгъэр КЪБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен республикэм и щІыпІэ зэмылІэужьыгъэхэм щригъэкІуэкІа зэІушІэхэм кьыщыгъэуІэ щхьэмкІэ зэхъуэжынигъэхэр хэлъхьэнымрэ и Іуэхуко» КЪБР-м и законым и проектыр. Абы итІкъ зэхъуэжынигъэ пыуухьІакъэр халъхьэнущ программэм хуибыдэ лэжьыгъэхэм. АбыкІэ щхьэусыгъэр КЪБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен республикэм и щІыпІэ зэмылІэужьыгъэхэм щригъэкІуэкІа зэІушІэхэм кьыщыгъэуІэ щхьэмкІэ зэхъуэжынигъэхэр хэлъхьэнымрэ и Іуэхуко» КЪБР-м и законым и проектыр. Абы итІкъ иткІэ зэхъуэжынигъэ пыуухьІакъэр халъхьэнущ программэм хуибыдэ лэжьыгъэхэм. АбыкІэ щхьэусыгъэр КЪБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен республикэм и щІыпІэ зэмылІэужьыгъэхэм щригъэкІуэкІа зэІушІэхэм кьыщыгъэуІэ щхьэмкІэ зэхъуэжынигъэхэр хэлъхьэнымрэ ар кьэгъэщІэрэщІэжынымрэ теухуа республикэ программэ хэхам

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

● Унафэр зэрагъэзащІэ щІыкІэр

ЕгъэджакІуэхэр мэтхьэсыхэ

Премьер-министр Путин Владимир иджыблагъэ Алтай крайм щыщыІам щІэныгъэмкІэ щыІныгъэ департаментым и унафэщІхэм яхуэзащ. ЕгъэджакІуэхэм улахуэ зэрыратщІыкІэу нэгъабэ ІыдэфэрэкІыгъэсэбэпыр (Новая система оплаты труда - НСОТ) къаузэрыщІихъуэм щыщІэупщІэм, къулыкъущІхэм псори хъарзынуэ, егъэджакІуэхэри арэзы дыдэу жаІэри, хъщІэр ягъэуфІащ. Путин къулыкъущІхэм къащытхъуу зэрежьэжьэр, Интернетым егъэджакІуэ куэдым я тхьэусыхафэр из къэхъуащ. Къапщтэмэ, Алтай крайм и закъуэкъым улахуэ зэрагъэкІыжыкІэ мыарэзыр: ди къэралым егъэджакІуэу исыр абы егъэтхъусыхъ.

Дыззрыхуейуэ догуэш

ЕГЪЭДЖАКІУЭМ и улахуэр тІуэу гуэшащ: зыр («базовая» жыхуаІэр) зыхуэдизынур пыуухыкІащ, хэтхъыхэхи щыщыІэу; етІуанэр («стимулирующая» зыфІащар) кьаиэ щыщыІэу елыкІащ егъэджакІуэм и лэжьэкІэм. Ар зыхуэдэн хуейр, фІыуэ къэпытапхъэр щІыналъхъэм езыхэм ягъэбелджылыну хуитщ.

«Зэ еплъыгъуэкІэ псори тэмэму щащІэ хуэдэщ ди еджапІэм, - жеІэ Новосибирск кьалэм щыщ егъэджакІуэ, школ профсоюзым и унафэщІ Голубятниковэ Светланэ. - Мазэ къэс комиссэр (школым и унафэщІымрэ профсоюзым хэтхэмрэ) зэхуэсри топсэльыхь «стимулирующий фонд» жыхуаІэм щыщу хэт дащэ иратыными. Ауэ абы теухуауэ унафэ пыухыкІа зи щхьэм илъыр директорыращ. Сыту жыпІэмэ, зэрагъэушын хуей щыкІэр гъэбелджылауэ тхауэ щыІэкъым, егъэджакІуэхэр абыхэм щыгъуазэкъым. Зэгуэр ди унафэщІым кьыхилъхьат щхьэгъубжэ зыбжанэ зытхьэщІа егъэджакІуэм мы фондым кьыхэкІыну и улахуэм щыгъуэн хуейуэ?»

Зэрытрагъэушэну щІыкІэр зэхэгъэкІауэ зэрыщымытым уфІэкІыжьынщи, а ягуэшыныр кьыздрахьнращ Іуэхущхуэр.

Мы ахъшэхэлъхьахэм зэрагугъамкІэ, егъэджакІуэхэр и лэжьыгъэм зэрыгъэгушхуэну фондым лъысын хуейщ улахуэм щхьэкІэ щыІэ фондым и процент 30-р икІи ар кьанэ щымыІэу федеральнэ бюджетыратыкІыжьыхьэкІынур.

АрщхьэкІэ, нобэкІэ нэрылъагъу зэрыхъуамкІэ, Урысейм и зы щІыналъэм и ахъэшэр ирикъуу Іэрыльхьакьым! Уеблэмэ федералхэм мащІэ-мащІэуэрэ а Іуэхур щІыналъэхэм я унафэщІхэм я ящ щалъхьащ. Иужьрейхэри епІщІэкІакьым егъэджакІуэхэм я улахуэм щхьэкІэ щІыпІэ бюджетым хэІэбэну. Арати, фондыр кьыдэлэжьэну щІыкІэм нэгъабэ бжьыхьэ льандэрэ жыдэжру тепсэльыхь хъуам. 2009 гъэм Стокгольм щекІуэкІа зэІущІэм Еврокомиссэм и унафэщІ Жозе Мануэл Баррозу сыткІи арэзы техъуэу щытепсэльыхьащ Медведев Дмитрий «Россия, вперед!» зыфІища программэмэ. Абы а зэІущІэм къыщыхилъхьат европей псэукІэм, лэжьапІэм Урысейр хуэзышэфыну Іуэхуэхэр зэфІэха хъунымкІэ Европэр ди къэралым кьыдэІэпыкъупхъэ.

Урысей - Европэ Іужьхэр уб зэзыхуныр зи пщІэ дальхьар (ди лъэныкъуэкІэ) УФ-м Экономикмрэ зыужьныныгъэмкІэ и министерствэращ. ЗэрыжаІэмкІэ, ди къэралым мыбы техуэхуа и Іуэху епІыкІэр кьащитІэнэІэнуэщ Урысей - ЕС си чэзу зэІущІэм. Ар Дон Іус Ростов накьыгъэ мазэм щекІуэкІынущ.

«Эхо планеты» журнал.

● КъШР

КъулыкъущІхэр ягъэмащІэ

Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Правительствэм и Аппаратыр щыІэжьин хуэмейуэ унафэ ищІащ КъШР-м и Президент Эбзеев Борис. Президентым и Администрацэм и унафэщІым и кьалэнхэм хагъэхьащ республикэм я президентымрэ и правительствэмрэ я Іуэхуэхэр зегъэкІуэныр.

ЦІЫХУЙІМ я кьулыкъур яфІэкІуэдащ: хэт ІуагъэкІащ, хэт пенсэм кІуащ. Ар ящІэн хуей щІэхъуэм и япэ ихьэсусыгъуэр бюджет ахъшэр зэгъэзэжуэн, кьулыкъущІэ зыбжанэм куэдкІэ зэщІэсыщыкІ кьалэнхэр зэрыгъэдахьым кІэ етын зэрыхуейращ.

Аппаратым щылажьэхэм я улахуэ закъуэм фІэкІ кьамыщтэжи, сом мини 180-м щІигъу мазэ кьэс щІедгетым кьыхуоно.

ИУАН Ларисэ.
Черкесск кьалэ.
«Российская газета».

● Зочэнджэщхэр

Иорданыр ди дэлэлу

Норданым и пащтыхь Абдалла II Москва кьыщыкІуам УФ-м и Президент Медведев Дмитрийрэ абырэ зытепсэльыхьахэм ящыщ зыщ урысей бизнесым Иракым игъэзэжа зэрыхъунур.

МЫ ТХЬЭМАЖУЭМ Иорданым кьыщызэІуахыжынуш Expo-Russia 2010 гъэльэгъуэныгъэр. Ар кьызэзыгъэпэщхэм зэрыжаІэмкІэ, абы урысей бизнесым Іэмал кьуритынущ Иракым и экономикэ зэхэкъутар зэфІэзэгъуэвэжхэм ящыщ зы хъуну. Сытым кьыхэкІри Урысейм Иракым игъэзэжьынкІэ Иорданыр дэлэлу кьыхихьныр?

«Ар тэмэмщ», щыжаІэ Къуэкіыпі ГъунэгъумкІэ институтым. Япэрауэ, ди къэралитІым я унафэщІхэр фІыуэ зэхущытщ, уеблэмэ зэрыгъэныбжьэгъуэ жыпІэ хъунущ. Абы и щыхьэтщ, ІтІанэ И Урысейм кьызыритар Иордан псы Іуфэм пэгъунэгъу щІы кІапэ, Христос чыристан диныр кьыщищтам пэмыжьыжьу. ЕтІуанэрауэ, Иорданымрэ Иракымрэ нэхъ зэгурыІуэ ди зэманым кьэбгъуэтыну гугъущ. Ирак суннитхэм (къэралым унафэ щызыщІхэм я нэжьыбэр ахэращ) Абдалла II - Мухьэмэд бегъымбарым и щІэблэхэм ящыщым - пщІэшхуэ кьыхуащІ. Псалъэм кьыдэкІуэу жыпІэнмэ, Иорданым щыхуэ куэд кьыщыбгъуэтынкъым Иракым благъэ щимыІэу. АІэ, пэж дыдэу Иорданыр сэбэп кьытхуэхъуфыну пІэрэ Иракым дгъэзэжьынымкІэ? А упщІэр зэтта экспертхэм щэч кьытрахьэ.

- Зауэм доллар мелуан 300 и уасэ контракт дыдеІуэ хихьащ, - жеІэ щыдагъэ компаниим ящыщ зым и лэжьакІуэм. - Абы кьыхэкІыуи ди пщІэшэпІи кьыхэдгъахуэркъым Иракым иджыри дыкІуэну. Мы экспертым кьыз эрилытытэмкІэ, бизнесым зэран хуэхъуар политикхэращ. Иракым и экономикэр зэфІэгъэувэжьным Урысейри хэтыным теухуауэ США-м гуфІэгъэкІакьым и чэзум. ИтІанэ, зыкьыщІэжри, Иракым ди щыхуэу телъ доллар мелард 12-р хуагъэгъуащ, ауэ ар сэбэп кьахуэхъужакъым. Дик Чейн США-м и вице-президенту щыІэжьам (арат Иракым щащІну бизнесыр зи унафэм щІэтыр) дэркІэ зэхуэщІат Иракым и бжэр. Контрактхэр зыпІысыр америкэ юмпаниехэрат. Иджы Іуэхур мащІэ дыдэу кІуэта хуэщІ.

- Сыбыырмрэ Къэзахъстанымрэ я нэхъ щІыпІэ Іейхэм згъакІуэми нэхъыфІщ Иракым си гъжьакІуэхэр исщэ нэхърэ, - жеІэ щІыдагъэ къыщІэзышхэм ящыщ гуэрми. - Зыми укьигъэгугъэфынукъым абы я гъащІэмкІэ шынагъуэ щымыІэу.

Абы и щыхьэтщ нэгъуэщІым жиІэр: иджыри кьыздэсым ди Іуэхущапіэр Амман дэтащ, иджы ди щыхуэхэр Иракым догъакІуэри, кьызэрымкІуэу догузавэ.

- Шынагъуэ щыІэ пэтми, мащІэ-мащІэуэрэ тогушхэу. Псалъэм папщІэ, нэгъабэ лъандэрэ «Харта» ТЭС-м и энергоблокитІ зэфІегъэувэж «Технопромэкспорт» компаниием. «ЛУКОЙЛ»-р ящыжь йохьэ КьухьэпІэ Курна-2 щыпІэм щыдгъэ кьыщыщІэшыным.

Пэжыр жыпІэмэ, иджыкІэ Урысейм Иракым щищІэфыр зауэ кьэмыхъеи щыкІэ абы щилэжьу щытам и Іыхьэ мащІэ дыдэщ.

- Иракым допІэрэ, «ди гурыІупсыр кьожь» - къэралым газ здынэсауэ иІэр и щыпІэхэм я проценти 10 кьудейщ. Лэжьыгъэр щыкуэдщ, ауэ абы ахъшэ кьыщыблэжьынымкІэ зэрыщынагъуэри гурыІуэгъуэщ.

АР СІЮХИН Евгений.
«Известия».

● Жэрдэм

Чэзу щымыІэу

Машинэм и щытыкІэр къапщытэн хуей щыхъукІэ чэзуущхуэу зэрыщэтрихьэр къальытэри, Краснодар крайм а Іуэхур компьютерым «и пщэм» щыдалъхьащ.

КРАЙМ и щІэныгъэлІхэмрэ ГИБДД-м и управленэм и лэжьакІуэхэмрэ зэгъэусу зэхалъхьа программэр зыхуэдэр мыращ: Интернетым кьыщыгъэалъэгъуа ущыщІэупщІэ - хъыбар кьыщыпщІэ порталымкІэ машинэ кьэпщэхуар регистрацэ ебгъэщІ, абы къищынэмыщІауэ техникэм и щытыкІэр щыщІебгъэпэлъыкІыну махуэмрэ сыххэтымрэ дэтхэнэ зыми езым кьыхих хуэнущ.

Сайтым къыщыбгъуэтынущ машинэр щІебгъэпалъыкІын папщІэ узыхуеину документхэр. Іуэхур нэхъри щІегъэпсыщІэ УГИБДД-м ущыкІуэну зэманыр, техникэм и щытыкІэр зыхуэдэр зэхэгъэкІын папщІэ ептын хуей ахъшэр къыщыгъэльэгъуа квитанцыр сайтым къыпхуну банкым зэуэ укІуэ зэрыхуэщІ.

- Техникэм и иджырей Іэмалхэм я фІыгъэкІэ дэ кьыздэсымкІуэ дгъэмэщІащ Іуэхутхьэбзэр зыщІэнымрэ ар зыхуащІэнымрэ щІызэхуэзэ щхьэусыгъуэхэр. Куэд мыщІэу дахуэкІуэнущ правэ кІеІызыхьымк экзаменыр компьютеркІэ итыным, гъуэгум зэрыщызекІуэр кьуэд щІащ видеокамерэхэм дзыхь зэрахуэтщІри, - жеІэ Краснодар крайм и ГУВД-м и УГИБДД-м и унафэщІ Козюмин Геннадий.

ПАВЛОВСКАЯ Татьянэ.
«Российскэ Іуэхуэ гъэ».

● Дунеймрэ Урысеймрэ

НАТО-м хыхьэну хуей?

ФРГ-м и Правительствэм и унафэщІ Меркель Ангелэ (ХДС) иджыблагъэ яІущІащ Германием нэгъуэщІ кьэралхэм щыщу щылажьэ журналистхэм.

Урысей журналистыр щІэупщІащ ди къралыр НАТО-м хэтын хуейуэ Фолькер Рюэ зэрыжиІам (ФРГ-м зыхъумжьыныкІэ и министру щытам) даузэ езыр епльыну.

- ПСОМяпэрауэ зэупщІыпхьэр езы урысэращ, - жиІащ Меркель. - Урысейр НАТО-м пэгъунэгъу тщІыну дэ дыхущІокъу, ауэ абы зрегьанэ а зэгухьэныгъэр зэман блэкІам и нэщэнэу щхьэ «зауэ щыІэм» и фэ зэрырилъым щхьэкІэ. Урысейм кьелыпІэ Варшавэ ЗэгурыІуэныгъэр зэракъутэжам хуэдэу НАТО-ри зэбгрыкІыжьын хуейуэ. КІэщІу жыпІэмэ, Урысейр НАТО-м хыхьэнырэ нобэкІэ зэфІэкІын Іуэхукъым. Ауэ НАТО-р езыхэр зэдэлжьэну хуейуэ зэгухьа къэралхэщи, абы иджыри фІы, екъулІэныгъэ кьыпэплъэу кьызолытІэ. ЗэкІэ дэ дызыхущІэкъупхьэр Урысеймрэ НАТО-мрэ зэрызэхущытыр едгъэфІэкІыжырщ, псалъэм папщІэ, абы телъжьэфынущ Урысей - НАТО Советыр. Фолькер Рюэ зи гугъу ищІыр европей къэралхэмрэ Урысеймрэ, США-мрэ Урысеймрэ я правительствэхэр щІэх-щІэхыгъэ зэпсальэу, Іуэху щыхьэкІаэр зэдащІэу хьэн зэрыхуейр арагъэнщ.

Германиемрэ Урысеймрэ Іуэху куэд зэдащІэ. Иджыблагъэ Президент Медведев Дмитрий сепсэльати, сэ жысІащ Европэмрэ Урысеймрэ щынагъуэм щыхьэумэным зэгъусэу дыззэделэжьын зэрыхуейм теухуауэ кьыхилъхьар зэрыдзэкІыгъыр. Сэ кьызолытІэ абы мыхьэнэшхуэ иІэу. Париж щекІуэкІа зэІущІэм ардыдэр щыжиІащ Франджым и Президент Саркозэ Николя. Медведевым кьыхилъхьаэм ОБСЕ-м щытопсэльыхь, ауэ, ди жагъуэ зэрыльытырэ, ар Іуэхур псынщІэу игъэкІуатэу лажьэхэм ящыщкъым. Абы кьыхэкІыну Франджыр, Германиер, Урысейр иджыри дызэпсэльын хуейщ. Къащтэмэ, куэд мыщІэу Екатеринбургдыщыщэхуэзэнущ.

РОЗЭ Анн.
«Российская газета».

Европэм псэукІэм дыхуиущиинут

Еврокомиссэм игъэхьэзырри, Москва кьыІэриГъэхьащ Урысейм и экономикэр иджырей щІэныгъэм и пІалъэ тету зэрыпхуеГъэфІэкІуэнум теухуа чэнджащхэр кьыщыгъэлъэГъуа документ. Пэжщ, ЕС-м и эксперт пашэхэм псом япэу гу зылъытапхьэу кьалытар Урысейм демократием зыщиужьын, щыхъум иІэ хуитыныгъэхэмкІэ европей пащалъэм нэсын зэрыхуейрщ.

МОСКВА а документым щІэныгъэрэ Іуэху бгъэдыхьэкІщІэрэ хэлъу икІи къэбгъэсэбэп хъуну кьилъытами, Европэм дпущиниым «хабзэр щытепщэ» кьэрал дыхьэн зэрыхуейм зэпымычу тепсэльыхьным пыкІыу, экономикэм зэрызырычыфынчм теухуа Іуэху пыухыкІаэхэр кьыхуаГъэльэгъуатэмэ, абыхэмкІэ зыкъащІагъэкъуатэмэ зэрынэхъыфІым тригъэчыныхьащ.

ЕС-мрэ Урысеймрэ зэрызэдэлажьэну щыкІэм нэгъабэ бжьыхьэ льандэрэ жыдэжру тепсэльыхь хъуам. 2009 гъэм Стокгольм щекІуэкІа зэІущІэм Еврокомиссэм и унафэщІ Жозе Мануэл Баррозу сыткІи арэзы техъуэу щытепсэльыхьащ Медведев Дмитрий «Россия, вперед!» зыфІища программэмэ. Абы а зэІущІэм кьыщыхилъхьат европей псэукІэм, лэжьапІэм Урысейр хуэзышэфыну Іуэхуэхэр зэфІэха хъунымкІэ Европэр ди къэралым кьыдэІэпыкъупхъэ.

Урысей - Европэ Іужьхэр убзыхуныр зи пщІэ дальхьар (ди лъэныкъуэкІэ) УФ-м Экономикмрэ зыужьныныгъэмкІэ и министерствэращ. ЗэрыжаІэмкІэ, ди къэралым мыбы техуэхуа и Іуэху епІыкІэр кьащитІэнэІэнуэщ Урысей - ЕС си чэзу зэІущІэм. Ар Дон Іус Ростов накьыгъэ мазэм щекІуэкІынущ.

«Эхо планеты» журнал.

● Къэралыгъуэ хэр

Японие - хабзэжьхэмрэ еджапІэщІэхэмрэ я щІыналъэ

Хоккайдэ университетым и нэхъ унэжь дыдэхэм ящыщ Фурукава-Холл жыхуаІэр. Ар кьыхэІуихащ Кларк Уильям *(сэмэгурагъуэмкІэ).*

Япониер лЭщІыгъуэ куэд зи ныбжь хабзэхэмрэ университет ныбжьыщІэхэмрэ я къралыгъуэщ: 1877 гъэращ Токио яп университетыр кьыщызэІуахар, етІуанэр - 1897 гъэм Киотэ (кьалащхьэу щытам) кьыдэуващ. А тІум япуэу Сашпорэдут Хоккайдэ университетым, уеблэмэ абы екъулІэныгъэ нэхъыбэ зэриІэри нэрылъагъущ.

ИМПЕРАТОР Муцухитэ и тетыгъуэм яубла зэхъуэхІыныгъэхэм нэхъыщІхьэу хэлъар къэралым и щІыхухэм кьанэ щымыІэу щІэныгъэ зрагъэгъуэтын хуейуэ зэрагъэуварт.

А Іуэхухэр кьрахьэжьэу (1872 гъэм законыр кьащтат) илъэс 30-35-р дэкІа нэужь, Япониер щІэныгъэ зиІэ щІыхухэм я къэралыгъуэу кьалытэ хъуащ. 1902 гъэм япон щІалэ щІыкІуи 100-м щыщу 88-р пэщІэдэз школым щеджэрт, 1907 гъэм а щІалэр 97-м нэсат (Пушкин абы щыгъуэ 100-м щыщу 3-рт пэщІэдэз классхэм щеджэр).

1907 гъэм Японием университетищІ иІар щІыху 7500-р щеджэу. ЕтІуанэ дунейпсо зауэр кьыщІэжьам - 45-рэ. Мы зэманым Японием университет 500 иІащ, абыхэм щоджэ студент мелуани 2-м щІигъу. Иджы мы къэралым зыхуэгъэзыуважа къалэныр нэхъ иныкъуэ - Японием и щІалэгъуалэм щІэкІыу щІэныгъэ нэхъыщхьэ яІэй хуейщ.

ЩІыр зи машІэ, дунейм и хьэтъуэфІыгъуэкІи «къуэ» Япониер къэрал гъэрытхэм ящыщ хьуащІ щІэныгъэр щІэныгъэ зэририщІыну и фІыгъэкІэ.

Мыбы и университетхэм щымащІэ дыдэщ нэгъуэгъэжьажь зэхьыхьэхэр. Японхэм къалэныгъэ университетым щІэсхэм я зэманыр зытрагъэкІуэдэн хуейщ. Іужьрейуэ ХХІ лЭщІыгъуэм Японием щІэныгъэмкІэ дунейпсо утыку хъуну зэримурадым зэрыхуэкІуэ щыкІэр.

«Вокруг света» журнал.

Студентхэр щІэныгъэм зэрыпылым хуэдабзэу, я узынщагъэми дахагъэми гулытэу хуащІ.

Я щІэныгъэм лабораторэхэм зэрыщыхатхьхъуэм ямыщІ, махуэр щыуэфІым и лэ студентхэм университетым къегъэщыІна паркыщхъуэм семинарэхэр щрагъэкІуэкІ.

● КъШР

КъулыкъущІхэр ягъэмащІэ

Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Правительствэм и Аппаратыр щыІэжьин хуэмейуэ унафэ ищІащ КъШР-м и Президент Эбзеев Борис. Президентым и Администрацэм и унафэщІым и кьалэнхэм хагъэхьащ республикэм я президентымрэ и правительствэмрэ я Іуэхуэхэр зегъэкІуэныр.

ЦІЫХУЙІМ я кьулыкъур яфІэкІуэдащ: хэт ІуагъэкІащ, хэт пенсэм кІуащ. Ар ящІэн хуей щІэхъуэм и япэ ихьэсусыгъуэр бюджет ахъшэр зэгъэзэжуэн, кьулыкъущІэ зыбжанэм куэдкІэ зэщІэсыщыкІ кьалэнхэр зэрыгъэдахьым кІэ етын зэрыхуейращ.

Аппаратым щылажьэхэм я улахуэ закъуэм фІэкІ кьамыщтэжи, сом мини 180-м щІигъу мазэ кьэс щІедгетым кьыхуоно.

ИУАН Ларисэ.
Черкесск кьалэ.
«Российская газета».

● КІэ зимыІэ къаугъэ

Израильр къольаІуэ

Израильм и премьер-министр Беньямин Нетаньяху махуитІкІэ Москва щыІащ. Ар къызытекІухьар Ираным къыхуагупсыса санкцэхэр нэхъри ягъэткІиинырэ Кремлым иригъэзнрат.

НЕТАНЬЯХУ илъэс хъущ и кьулыкъум зэрыпэрытри, иджыщ ар Урысейм япэу къыщыкІуар. Пэжщ, ягъэхъыбар нэгъабэ (фокІадэ мазэм) ар щэхуу Москва щыІауэ, Ираным Іэщэ ирамыщэным теухуауэ ди къэралым и унафэщІхэм кьепсэльэн папщІэ.

Урысейм шынагъуэнщагъэмкІэ и советым и унафэщІым и къуэдзэ Назаровым зэрыжиІэмкІэ, зенит комплекс-300-р Тегераным щІримыщэн щхьэусыгъуэр ди къэралым иІэкъым.

ЗэрытщІэщи, Израильмрэ США-мри зыщІагъэнэрэ Москва кьелъэІуащ а Іэщэр Ираным ирищэнэр игъэувыІэну.

«Эхо планеты» журнал.

● ГъэщІэгъуэнщ

Хьэрыпыбзэр умыщІэми

Къэзан кьыщыхъуа Іуэхур Урысейм щІэпсэу муслъымэнхэм дежкІэ щапхъэ хъуну кьыщІэкІынущ. «Школа» тхыль тедзапІэм кьыщыдэкІащ. «Татарские молитвы». Абы щызэхуэхьэсащ Тхьэм тэрыгъэкІэ зэрелэІуу щытаеу нэхъыжьхэм кьащІэна псори.

СОВЕТ властым и тетыгъуэм ягъэкІуащ ахэр, нэхъ тэмэму жыпІэмэ, социализм зыужьэмрэ динымрэ щызэмыІэгъэ зэманти, нэхъыжьхэм ІэщІыб ирагъэщІат.

«Хамэ къэрал кьикІхэм кьыздашэ тхыльхэр тэтэрхэм кьагурыІуэрэкъым. Дэ ди щІалэгъуалэу зэхьрыкІэ зэрыщымыІэ, ди щІэпхъаджагъэкІэ кьэзыгъэсэбэпыныхэр щагъэхьэзыр лагерхэм кьыщохуэтэ. Тэтэрыбзэр зи лъабжьэ илъамрэ илъамщ, диныр зыІыгъым дежкІэ гурыІуэгъуэ тхауэ. Диныр ди бзэкІэ зетхьэжу зедгъасэмэ, хамэ къэралхэм кьытхуикІ «егъэджакІуэхэм» ди деж щащІэн ягъэзытныкъым, дири ирагъаджэхэм я ныбжьым зэ дыкъикІын хуейщ», - жеІэ зи гугъу тщІы тхыльыр кьыздзэзыгъэжьащ.

ДЕВБАШ Фирдус.
«Аргументы недели».

Дерсыщ Іэм теухуа упщ Іих

Урысейм и хэгъуэгу зыбжанэм зэпыжьыхьым и 1-м щыублэ «Основы религиозной культуры и светской этики» дерсыр курыт еджапІэхэм щатын.

Сыт хуэдэ хэгъуэгуэра а гъэунэхуныгъэм хиубыдэр?

АХЭР 19 мэхъу: Кьалмыкъ, Къэрэшей-Шэрджэс, Удмуртие, Шэшэн, Чуваши Республикэ хэр, Камчаткэ, Краснодарск, Ставрополь крайхэр, Вологодскэ, Калининград, Кострома, Курганск, Новосибирск, Пензэ, Свердловск, Тамбов, Тверь, Томск областхэр, Еврей автономнэ областыр.

Дерсыр сыт хуэдэну?

АР УРОК 34-рэ хъунущ, Іыхьихыу гуэшауэ: чыристан, ислъам, буддэ, журт (нудей) щэнхабзэ хэр, дунейпсо динхэм я тхыдэр, светскэ этикэм пьабжьэ хэхъуэхэр. ЕплІанэ классым щІэсхэм мэлыжьыхьым и 1-м дерсыр ящІ щІадзэнырэ етхуанэ классым щыпащэнущ.

Сыт хэхауэ яджынур?

ЕДЖАКІУЭЖ М (адэ-анэрэ абыкІэ арэзыуэ) езыхэм кьыхах ищхьэкІэ кьыщедбжэкІа дерсхэм щыщ зы.

Хэт езыгъэджэнур?

КУРЫТ еджапІэм щылажьэ егъэджакІуэм (мыпхуэдэ дерсхэм хуагъэхьэзырыжауэ).

Тхыльхэр хьэзыр?

«ПРОСВЕЩЕНИЕ» тхыльтедзапІэм щагъэхьэзыращ учебникхэр икІи гъэунэхунырэр щекІуэкІ хэгъуэгуэм ахэр яІэрыхьэн хуейщ гъатхэпэм и 20-25-хэм. Абы кьыщынэмыщІауэ, егъэджакІуэхэмрэ адэ-анэ хэмрэ щхьэкІи тхыльхэр кьыдагъэкІащ. А тхыльхэр щыщІапІ-лъыкІащ ЩІэныгъэхэмкІэ Урысей академием.

Іэмал имыІэу уеджэн хуей дерсыщІэм?

КУРЫТ еджапІэхэм щат дерсхэм ящыщ зы хъуащи, сабийхэр абы щІэсын хуейщ, ауэ оценкэ хуагъэувынукъым. Еджэгъуэ Іыхьэр (четвертыр) щауэкІэ, еджакІуэр хэтын хуейуэ ящ щколым кьыщыІзэрагъэпэщыну гъэльэгъуэныгъэм, е я Іуэхуэм Іуэху махуэщІым, е сочиненэ итхынущ.

«Российская газета»

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар
ШИРДИЙ Маринэ.

(КІэлыкІуэр.
ПэщІэдзэр №№44-45-хэм итц).

- Цыхуфі дыдэхэщ мы сымаджэщым щылажь дохутырхэр, - жи си ныбжьэгъум.

- Сольагъу. Гуапэ дыдэхэщ.

- А щалэри пщэдейм ыщІкІэ щатхыкІы-жьынщ уи гъусэу.

- Хьарзынэщ, тхьэ. Ар мыхъуатэмэ, сипытІыну хъунт а машинэм! - жызоІэ, моуи сыкІэльогупсысэж: «Сытым щхьэкІэ сыкъриГъэлат, и мыІуэ зэриху эу!»

Абы хэту, зы хьыджэбэ кІыщІопльэ си пэщым, хьэрпыбзэкІэ зыгуэр жеІэри, мэкІуэджьи.

- ЩІэупщІакІуэ кІыпхуэхІуауэ жеІэ. КІыщІэсщэн хьэмэрэ ущІэкІын?

- СыщІэкІынщ, на, мыпхуэдэу дауэ закъезгъэпытагъэ?! Хэту пІэрэ къэкІуар?

- Сеплынщ, ухуеІуэн.

- Кхъа, кІуэ, епль.

Зэман кІэщІкІэ къегъэзэж.

- Пщыхуу жаІэ. Фэ зэреспІамкІэ, зэрыунагъуэу зыгуэрэхэр кІыпхуэхІуаш. Лым и цІэр Къазбэчщ.

- А! СоцІыху. Хъ унщ-тІэ, сыщІэкІынщ. ЩІыхьэпІэ бжэ блыпкІым итт Къазбэч. И щыбагъым Сэт эней кІыдзэт зы-кІыдришеІу эрэ къеплъэу. Дыгъи Блани я гъусэхэт.

- Уа, си хьыджэбз, Иорданым укъыщІэкІу ар мыра? Уэ лэхьи, дыбгъэгужьеям. Дауэ къэухъут ар? - гузавэр и нэгум кьрихэу, си нэкІм Іэ къыдельэ Къазбэч. Дыгъэ гуапэу ІэплІ къысхуещІ. МыдреитІми сэлам къызэж.

- Тхъэ, сымыщІэ, сыт е гупсысыкІри, гъэзэгуку м сыкьинат Машинэм дэсам лажьэ и Іэкъым, сэращ къуэншаг.

- Дауэ мыхъуами, хэт кІэу эшамэ, дыу-нэхъыж пэтащ. Ди хьэщІэ лъапІэм дауэ дыпТтеплъэкъуКІ? - мэІуащэ Дыгъэ.

- КхъыІэ, фымыпуэ завэ апхуэдэу. МахуитІ дэкІмэ сыщІатхыкІыжьынущ.

- Ей, дэ Амман едгъэльагъэнщ, зедгъэплпыхьынщ, жьитІэри, мурад тщІауэ аратэм. Иджы дауэ? - къыспсалъэ Блани.

- Іуэхукъым, иджыри уиХьжІуэнщи, зы бадзэ къыпТтедгъэтІысхъэнкъым, - мэгуфІэ Сэтэней цІыкІу.

- Сыту фыцІыху гуапэ! Сехьулащ, фызэзэрыцІыхуамкІэ.

ТэлайкІэ дыпсалъэу дыщэ три, къыскъуахьа гъэмылэ тІэкІур къысІэщІагъэуэз:

- Сэ мы сымаджэщ шхыпхэм си гур уэфІыщэкъым. Мы тІэкІур пщтыру къыпхуэдэсщтащи, умыгъэупщІыІужу шхэ. Уэ фІыу э уэшэн х уейщ, - жи ДыгъэІ.

Сэри, сыкІытагъ ипльыкъ сыкъэхьуауэ, сыкІыІзох. ЩІыуКІыжхэм, Сэтэней нащхьэІущхьэкІэ къызоГъэуЫэрэ, сольэІу кІуэуэ си щыгъын-сытгъэр къыскъуихукъым. Сэтэней зэрыІуКІыжу, Бланэ къегъэзэзэж.

- Тамарэ, уэщІэ упщІам и хьыбар къыпхуэсхьащ, ауэ уи закъуэ бжеІэмэ, нэхъ къэсщтащ, - щхъу цІыкІу, зыгуэрым дызэхухынкІэ щыпэм х уэдэу, жеІэ. Сэри си гур кІыпкІыным хуэдэу сыщытщ, псалъэ жьсІэжьыфырыкъым, си напІэхэри къыс хуэІэтырыкъым. - Умар иджьпсту Сирием щыІэщ, уэрэд гуэрхэр ирегъэтхэ, иджыри тхьэмахуитКІэ къэсыжьынукъым.

- Пэжкъым! - си щхьэр къызоІэтри, си нэщхьыр зэхэлъу сопль Бланэ.

- Іэгъу, дау з мыпэжьнрэ?! Сэ сыщыщащ я деж. Къыжьеящи и адэращ. Сыт мыпэжу ущІигуГъэр? - и жагъуэ хьуа хуэдэщ жиІар си фІэщ зэрымыхъуар.

- Сэ ньшъэдибэ слъэГъуащ ар, хьэщІэщым пэмыжьжьэу!

- Абы и адэр пщІэшхуэ зыхуащІ лЫщ, си гуГъэкъым пщы къыскъуиупсауэ. Сыт щхьэкІэ пэ жьыр ибэщІынр? Умар Сирием кІуэрейщ, абы я уэрэдытхъэр нэхъыфІщ, жиІуэрэ. Сэ сощІэ, Іахь!

- НтІэ, хэт сэ ньшъэдибэ слъэГъуар? - сыкъэуІэбжьащ.

- Уэпхъы, хэт пльэГъауми, мы-Умар! Уцыуа къыщІэкІынщ. Аращ-тІэ, Тамарэ, е уэ, узыншэ дыдэ Тхьэм уищІыж.

Ар дауэ? ЩхьэІ сыщыуа апхуэдизэ? НтІэ, ньшъэдибэ слъэГъуар щымы-УмаркІэ, си гуГъэр хэсхьжжьым. Къэхъунур сщІэркъым иджыри. И къэсжьжыгъуэм сримыкъэлэнэуми, иужькІэ сыкъэкІынщ е езыр нэкІынщ. НэгъуэщІ мыхъуми и телефон номерыр сиІатэмэ, дыІэрыщІэнт. Ар жьсІэ щхьэкІэ, езым къыхуэнатэкъэ сысеирФ? Хуиттэкъэ езыр нэпсэлъэну?! Хуеямэ, сыкъэпльхьхуэ энт. Си щхьэ сыхуоГуЖжьыж хуэм-хуэмурэ. ИкІэм-инІэжьым, сэ сыщІыхубзщ. Си пагъэр сщыгъ упщауэ, мыбы нэс Умар сыкъэкІэлъыкІуами, хэт ар абы жезыІэжьынур? Зыми ищІэркъым ар. Бланэ зыгуэркІэ г урыщхъуэ ищІу къысщохуэ. СыкІуэжьынщи, сежьэу сыщысынщ, си Іэр зэтедзаэу. Умар езым сыкъинГъуэтпхуэу е Дыкъэзыгъэщ Іам фІэфІ хъурэ дызэхуишэху. Дауэ мыхъуами, Умар къинщІэн хуейкъым си пагаГъэр зэрысщІэхуар, армыхъумэ, щыхухъуэм яфІэфІкъым хабэзнщэ, щыІкІэнщэ, къакІэлъызыжьыкъ цІыхубзкъэ.

Апхуэдэу, слъэГъуан къыІэхуІаищи щымыІэу, тхъэмахуитІ сызэрыкІуар и кІэм нэсри, зызэгъэхьэрыжащ. Ауэ Иорданым сызэрыкІуари, къэсцІыхуаэ, щкІуекІэхаэри, сыт къэмыхъуами, льэужьыншэу мыкІуэдыну къыщІысщыхьур сщІэркъым.

ЕТІЭАНЭ ІЫХЬэ

СыныпхуокІуэжьыпэ, си Къэбэрдей!

Къазбэч и унагъуэмрэ Мадинэрэ кхъ ъхьлъатэм сыкъгъагъэтІысхьэжащ. Дэтхэнэри си гум кІыузэринэ тыгъэ кІыс хуащІат. Псом нэхърэ сиг у нэхъ ирихьар Іаныр къысІэщІихуа дыжьынр бгыщхьэ псыгъэрат. ГъэщІэгъуэ зэныракъэ, кІыузагъэпщэ фІэкІ у мыщІэу, си бгым екІу экІу кІудейт Сэ ар зыкІэ си гу апэ хъуати, псальэкІэ кІыс хуэІуэт энуКъым. Пэжщ, ар сэ сызыщІэхъуэпс, ди анэшхуэхэм я анэшхуэжхэм кІащІэжьам хуэдэ зэи хъунутэкъым, ауэ унагъуэм ильхІэ утеуКІытхъхьнуГэкъым. Мывэ ІплъыжькІэ гъэщІэрэщІэжауэ, абы нэхъ дахэрэ, нэхъ лъапІэрэ си гъащІэм тыгъэ кІыс хуащІауэ ики кІыс хуащІынри кІыщІэкІынтІэкъым. Дэ, иджырей адыгэхэм, кІыдгурыІуэркъым ди хабзэмрэ ди фащэмрэ нэхъ дахэ дуней псом зэрытемытыр. Абы сэ хуэдизрэ сегупсысэ т экъым. Умар къэсщІыху а нэужькІ «адыгэ» псальэм и мыхьэнэм сегупсысын щыщІэздзар. Иджыпс ту, Іэмал сиІатэмэ, зым жиІэми семыдаІу эу, нэлейкІэ къыІэрыщІэзэпІэри къыісфІэмыІуэхуу, мах уэ къэс фащэ щыстІэгъэнт.

Сэ си фІэщ мэхъэ, хэту щыІэм, зыгуэр къыщІытщІыхуам деж, Іэмал имыІэу абы зыгуэрым уэзэрыхуащІигъэджьыкІыфынур, кІыпхуэсэбэпхьыкІ гуэр зэрыІэзэхыуигъэхьынур. Ар Т хьэм лІыкІуэу къытх уигъакІу эу арагъэнущ. Сэ Умар «къыскъуихьат хъыбар хьэлэмэт». А щІалэм сыхуэфащэн папщІэ махуэ псокІэ сыкъэмытэджкІу, адыгэм и тхьыдэм седжэу зэман ку эд щесхьэкІыртт библиотекэхэм. Абы и лъІыкІуэжьІэ иджьпсту си щІэныгъэ здыІэсар зи фІыщІэри фІэкъэъ-тІэ?!

Мурат сэрэ дызэщІыгъуу дыкъежьэжащ. Гъэзэгъ дытетыху, ну эдым дытепсэлъыхьащ, нэхъ дызэрыщІыхуащ. КъызэрыщІэкІамкІэ, Мурат щІалэ губзыгъэ дыдэт, акъыл гъэтІылъэ зиІэ псэльэгъу хьэлэмэтт Адэжь ныбжьэгъу дызэхуэгъэ хьуфынуу къыщІэкІынущ. Езыми усэ етх, сэ сэщхъ у, вагъуэж эм хэплъэу нэху егъэщ, едж, кьафэм хэтщ, адыгагъэрэ хабзэрэ зыхэльщ. Ар зыкІэ псэ кьабзэщи, си фІэщ хъурыкъым абы и фэгъу щіыху ди Къэбэрдейм ису. Адэкіэ къыІэрыщІэдзэжьыну зэкІэ сымыщІэмэ. Езыр тІэкІу къысщыкІытэу пІэрэ, жьзоІэ. Сщ Іэркъым, е сызэрыщІэрыуэ, е апхуэдэу укІытэх?!

Аэропортым си адэ-анэри, си шыпхъу Дини, си ныбжьэгъу пэжхэу Іэминэрэ Аэзэмэтри къыщІэспежьат Дауи, си гъ у-сэу хамэ кьэрал кьинкІыжа, си ныбжьэгъуэІу щІалэр абыхэм езмыгъэщІыхуу хъуакъым. Абдеж Муратрэ сэрэ дыщыІэзэпІэкІыжащ. Иужькіэ дызэрыщІэн хуэдэу, ди телефон номерхэр зэІэпытхащ. ТхъэмахуитІкІэ сымыльтэгъуа, сиг у къэкІа си унагъуэмрэ си ныбжьэгъуэхэмрэ гу зэщІтхэуэжа нэужь, еджэнымэ зестыжащ. Ягъэм жуІдэу, зы дакьикъэ хуиту зызэмыгъэпсэхуу, жэщкІэ сымыжеІэну ІпысщІэжащ. Иджы нэгъуэщІ нэгу зыжьыкІкІэ къэсхутащ - къатибгъуу зэтет унэм и щхьэм жэщкІэ сыдзэкІуейуэрэ сытест. Псом нэхърэ нэхъ хьэлэмэтыр унащхьэм сызэрыдзэжьиуей щыкІэрат. Абы сызэрыдамыгъэкІуеиНур, кІыузэрыхуаІ мыдзэнэр сщІэрти, шордакъым себаКъуэ урэ, быным кІэрыту, унащхьэм дзэкІуей пкІэльеймкІэ сыдзэкІуейуэ арат. Зыкъомрэ вагъуэбэ хэм сахэпльэу сыщысІсыщысІти, сыкъеХьжьт. СетІысылЭрти, нэму щыху сытхэрт.

Мурат сэрэ щІэх-щІэхыуэрэ дызэхуэзэу, дызэпсальэу, щэхуг у эрэ эрэ зэхуэтІуа ТэУ, зэныбжьэгъу фІ дыхъуат. Си мурадкэри, си гуращэхэри, си псэм и щэху куэди хуэсІуатэрт абы, иныкъуэхэм псальэншэу дызэІэгурыІуэу къыщыхьурт. Цыхухъьмрэ цыхубзымрэ ныбжьэгъуГъэ яку дэмыльу жаІэ. Хэт ар къэзыгупсысар?! Мурат сэрэ дызэныбжьэгъуи-тІэ. Зэдэлэк уэзэшпхъуэ-хэр зэщхъ къыщІэкІынкъым абырэ сэрэ дызэрызэщхъым хуэдэу.

ДызэрызэрыщІыхуэрэ мазих ирикъуауэ, щІымахуэ щІыІэу, дызэгъу сэу зэ тыну эн гъэрым дыщІыхьат, Мурат кІэстум кІыщхэну.

- Къыхэфха зыгуэр? Сывдэ Іэпыкъун? - къыщбгъэдохъэ тыкъэнтет щІихубзыр.

- Уей, псорэ хьарзынэм, сэкІуу зыри кьытхуэхъкъым жумыІэмэ, - погуфыкІ Мурат.

- Фэ цыкІуитІыр фыІэздэльхуэзэшыпхъу хъунщ, сыту фыщхъьыщ! Сынывэхъуэпсащ, сэ дэльху сиІэкъым, - кІэстум гуэр къытхуигъэльагъуэрэ, жеІэ цІыхубзым.

- Хьэуэ, тхъэ, - сыпогуфІыкІ. Мурати мэдыхьэшх.

- КхъыІэ, къыскхуэвгъэгъу. НтІэ, абы щыгъуэм, зэмыщхьитІ гэрихьэлІэркъым, жаІэ, фызэщхьу Тхьэм фызэритыжащ. Насыпыфі э дыдэ Тхьэм фищІ! Пу мэшалІыхь! - ТІури дызоплъыж, жьтІэнур дымыщІэу, дэукІытэрэ, ээ уэ ди напІэм эр идохьэкъым.

Мурат зыгуэр жиІэну и жьэр щызэтрикъым, хущІегъэжьри, бяяжжащ. ІЫсэти къэдмыщэхуауэ, тІури дыукІытарэ дызэзмыпльыжьыфу дыкъыщІэкІыжащ. Мурат ищІэрт си Іуэхур зыІетыр, Умар теухуауэ псори жеСэжат. ГъэщІэгъ уэныракъэ, щыхухъ ум нэхъ тэмэму укъыГорОуэ ищІи къыбдеІыгъыфІ апхуэдэ Іуэхур. ХьэмэрэМурат апхуэдэу щІалэфІу сыхуэзауэ, арауэ пІэрэ?! Сэ ар ныбжьэгъуэу фІэкІ схуэбжьыкъым. Езым сэ стеуХуэ гупсисэ гуэрэхэр зэрИЭр сощІэ, сольагъу, зыхьзощІэ, ауэ и Іэр пхащ, си гур зэрыІэзэхущІар ещІэ. Абы щхьэкІэ къэмыІэу, кІыюх уэпэжщ, пщащи пІэкъым. Зы зэман си псэр хуит хъужьну кьилытэу арагъэнщ.

ЗыхэсщІэу жэщкІэ сызэрымыжейри, зыгъэпсэхуэ сызэрымыхъури къыІэхьэльэкІ хъуащ, нэхъ сыжэщІащ. Си анэри ирогузавэ абы, сысымаджэ и гугъэщ.

- Тхъэ, Томэ, сфІэмыфІ апхуэдэ Іуэхур уэзэрыхъар. У шхэ хьункъым, уи фэрп пыкІауэ, зыгуэру ущытщ, - бэзэр махуэу къуажэм сыкІуэжауэ, жеІэ мамэ.

- Сошхэ, мамэ, умыгуэзаэ, зыри къыІэуэзи хуэдэкъым. Умыгузавэ уэ, Мурат иджыри си ныбжьэгъуэмэ, куэд дэмыкІыу пшэр сыхъуауэ пІытьыпщІ. Махуэ къэс жьыуаІэм хуэдэу шхапІэхэм докІуэхуакъым. Абдеж Муратрэ сэрэ дыщыІэзэпІэкІыжащ. Иужькіэ дызэрыщІэн хуэдэу, ди телефон номерхэр зэІэпытхащ. ТхъэмахуитІкІэ сымыльтэгъуа, сиг у къэкІа си унагъуэмрэ си ныбжьэгъуэхэмрэ гу зэщІтхэуэжа нэужь, еджэнымэ зестыжащ. Ягъэм жуІдэу, зы дакьикъэ хуиту зызэмыгъэпсэхуу, жэщкІэ сымыжеІэну ІпысщІэжащ. Иджы нэгъуэщІ нэгу зыжьыкІкІэ къэсхутащ - къатибгъуу зэтет унэм и щхьэм жэщкІэ сыдзэкІуейуэрэ сытест. Псом нэхърэ нэхъ хьэлэмэтыр унащхьэм сыдзэрыдзэжьиуей щыкІэрат. Абы сызэрыдамыгъэкІуеиНур, кІыюзэрыхуаІ мыдзэнэр сщІэрти, шордакъым себаКъуэ урэ, быным кІэрыту, унащхьэм дзэкІуей пкІэльеймкІэ сыдзэкІуейуэ арат. Зыкъомрэ вагъуэбэ хэм сахэпльэу сыщысІсыщысІти, сыкъеХьжьт. СетІысылЭрти, нэму щыху сытхэрт.

Мурат сэрэ щІэх-щІэхыуэрэ дызэхуэзэу, дызэпсальэу, щэхуг у эрэ эрэ зэхуэтІуа ТэУ, зэныбжьэгъу фІ дыхъуат. Си мурадкэри, си гуращэхэри, си псэм и щэху куэди хуэсІуатэрт абы, иныкъуэхэм псальэншэу дызэІэгурыІуэу къыщыхьурт. Цыхухъьмрэ цыхубзымрэ ныбжьэгъуГъэ яку дэмыльу жаІэ. Хэт ар къэзыгупсысар?! Мурат сэрэ дызэныбжьэгъуи-тІэ. Зэдэлэк уэзэшпхъуэ-хэр зэщхъ къыщІэкІынкъым абырэ сэрэ дызэрызэщхъым хуэдэу.

ДызэрызэрыщІыхуэрэ мазих ирикъуауэ, щІымахуэ щІыІэу, дызэгъу сэу зэ тыну эн гъэрым дыщІыхьат, Мурат кІэстум кІыщхэну.

- Къыхэфха зыгуэр? Сывдэ Іэпыкъун? - къыщбгъэдохъэ тыкъэнтет щІихубзыр.

- Уей, псорэ хьарзынэм, сэкІуу зыри кьытхуэхъкъым жумыІэмэ, - погуфыкІ Мурат.

- Фэ цыкІуитІыр фыІэздэльхуэзэшыпхъу хъунщ, сыту фыщхъьыщ! Сынывэхъуэпсащ, сэ дэльху сиІэкъым, - кІэстум гуэр къытхуигъэльагъуэрэ, жеІэ цІыхубзым.

- Хьэуэ, тхъэ, - сыпогуфІыкІ. Мурати мэдыхьэшх.

- КхъыІэ, къыскхуэвгъэгъу. НтІэ, абы щыгъуэм, зэмыщхьитІ гэрихьэлІэркъым, жаІэ, фызэщхьу Тхьэм фызэритыжащ. Насыпыфі э дыдэ Тхьэм фищІ! Пу мэшалІыхь! - ТІури дызоплъыж, жьтІэнур дымыщІэу, дэукІытэрэ, ээ уэ ди напІэм эр идохьэкъым.

Мурат зыгуэр жиІэну и жьэр щызэтрикъым, хущІегъэжьри, бяяжжащ. ІЫсэти къэдмыщэхуауэ, тІури дыукІытарэ дызэзмыпльыжьыфу дыкъыщІэкІыжащ. Мурат ищІэрт си Іуэхур зыІетыр, Умар теухуауэ псори жеСэжат. ГъэщІэгъ уэныракъэ, щыхухъьмрэ нэхъ тэмэму укъыГорОуэ ищІи къыбдеІыгъыфІ апхуэдэ Іуэхур. ХьэмэрэМурат апхуэдэу щІалэфІу сыхуэзауэ, арауэ пІэрэ?! Сэ ар ныбжьэгъуэу фІэкІ схуэбжьыкъым. Езым сэ стеуХуэ гупсисэ гуэрэхэр зэрИЭр сощІэ, сольагъу, зыхьзощІэ, ауэ и Іэр пхащ, си гур зэрыІэзэхущІар ещІэ. Абы щхьэкІэ къэмыІэу, къ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

● ТекIуэныгъэ-65

Зауэ гъуэгуанэхэмкIэ

Махуэр махуэм кIэлъыкIуэу 1945 гъэ

ГЪАТХЭПЭМ И 19-м

Дзэ Плъыжьым и 40-нэ, 53-нэ армэхэмрэ Румынием и 1-нэ, 4-нэ армэхэмрэ я зауэлIэхэм Венгриемрэ щекэх Грон псым и деж зауэ гуащIэ щIагъэкIуэкIащ, текIуэныгъи кIыщыкъащ. Эволен къалэри хуит къащIыжащ.

Дзэ Плъыжьым и 6-нэ гвардиемрэ Болгариемрэ и 1-нэ армэмрэ я зауэлIэхэм яхуэзэфIэкIащ Гитлер и СС танк армэр Секешфехерварэ кьащIаухъуреихьын икIи щIыз зтракъутэн. Абыхэм щIэгъэкъуэныфI яхуэхъуащ 17-нэ хьэуа армэр.

ГЪАТХЭПЭМ И 20-м

Генерал-лейтенант Сверчевский К. К. зи пашэ Польшэдзэм и 2-нэ армэр 1-нэ Украин фронтым (маршал Конев И. С.) кIыгухьащ. А махуэ дыдэм абы и зауэлIхэр бийм щебгъэрыкIуащ Штерлен-Нейсе зэпылъхьапIэхэм я деж.

ЗауэлI мини 150-рэ зыхэт 4-нэ нэмыщ армэр Пиллау деж совет ыдзэхэм къыщыпэщIамыгъэувэу, Гитлер и ставкэм и унафэкIэ, ирагъэкIуэтыжащ, а дзэр нэгъуэщI Iэхухэм хуахъумэн мурадкIэ.

Бэракъэхьэ Дунай флотилием и дзэхэр Несмей и гъунэгъуу Дунай и деж бийм щебгъэрыкIуащ, хэщIыныгъэшхуи щагъуэтащ.

ГЪАТХЭПЭМ И 21-м

1-нэ Украин фронтым (маршал Конев И. С.) и дзэхэр километр 50-кIэ иIэзэ кIуэтащ икIи Чехословакиемрэ Германиемрэ щызэпылъым и деж къэрал гъунапкъэр щызэпратхъащ.

ГЪАТХЭПЭМ И 22-м

1-нэ Болгар армэмрэ 3-нэ Югославие армэмрэ я дзэхэм Дравэ псым и деж бийм удынышхуэ щрадзащ. Абыхэм гитлерыдзэхэр псым зэпрахужащ, хэщIныгъэшхуи ираташ. А текIуэныгъэм папщIэ 3-нэ Украин фронтым и командующ маршал Толбухин Ф. И. а зауэлIхэм фIыщIэ яхуищIащ.

ГЪАТХЭПЭМ И 23-м

3-нэ украин фронтым и дзэхэм Секешфехервар къалэр къащтэри, бийр Баконь бгым щхьэпрахуащ, Веспрее къалэми екIуэлIащ.

Америкэ-инджылыз дзэхэм Рур и деж биймебгъэрыкIуэн щыщIадзащ.

ГЪАТХЭПЭМ И 24-м

1-нэ Украин фронтым Лубан, Глогау щIыналъэхэм зауэ гуащIэхэр щрагъэкIуэкIащ. Абыхэм уйт къащIыжащ Германием яху совет цIыхуу 91300-рэ, нэгъуэщI къэралхэм я цIыхуу 22500-рэ.

ГЪАТХЭПЭМ И 25-м

3-нэ Белорус фронтым (маршал Василевский А. М.) и дзэхэм къащтащ фашистхэм я иужь дыдэ быданIэу Фришес-Хафф псыдзжьIэпм щыIэ Хайлингенбайль къалэр.

Дзэ Плъыжьым и 7-нэ, 53-нэ армэхэмрэ Румынием и 1-нэ армэмрэ я дзэхэм Дунай и сэмэгурабгъу лъэныкъуэмкIэ бийм щебгъэрыкIуэным пащащ, Братиславэ и гъунэгъууи екIуэлIащ.

ГЪАТХЭПЭМ И 26-м

3-нэ Украин фронтым и дзэхэм Австриемрэ и къэрал гъунапкъэр зэпратхъащ Папа, Девечер къалэхэри къащтащ.

Зыгъэхьэзырар
УЭРЫШ Нурхьэлийщ.

Адыгэ лъэпкъым и цIыху щэджащэхэм ящыщщ щIыгьэлI цIыкIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ емызэщ Хъупсырокъуэ Хьызыр. Филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, академик, Гуманитар кьэхуэныгъэ хэмкIэ Къэрэшей-Шэрджэс щIэныгъэ институтым и пашэ Хъупсырокъуэм бгъэдэлъ зэфIэкIымрэ и щIэныгъэ-кьэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм я мы-

ХЪУПСЫРОКЪУЭ Хьызыр 1930 гъэм гъатхэпэм и 18-м Къэрэшей-Шэрджэсым щыщ Хьбэзэ къуажэм къыщалъхуащ. Адыгэ унагъуэшхуэм кьихьукIа Хьызыр иджыри сабийуэ дихьэхат лъэпкъ Iуэрыйуатэм, тхыдэм, еш имы-щIэу едэIуэфынут адыгэ хьыбарыжьхэмрэ уэрэдыжьхэмрэ. Еджэгъуэ ныбжьым нэсу школым щыщIэтIысхьами, ар ящыщащ нэхъыфI дыдэу ар зэхъуIэхэм. Ар кьнуха нэужь, Хъупсырокъуэр щеджащ а зэманым нэхъыфIхэм хабжэу щыта Ставрополь дзт пединститутым. Филолог Iэщагъэр зэзэгъэгъуэтэ IэщагъэлI ныбжьыщIэр политикэ, жылагъуэ лэжьыгъэхэми хуэжьджэрт. Еджэныр кьиззэриухрэ ку зи дэмыкIыу, ар ягъэувауэ щытащ комсомолым и Хьбэзэ райкомым и секретарэ, КПСС-м и Хьбэзэ райкомым агитацэмрэ пропагандэмкIэ и кьудамэм и унафэщIу, иужькIэ Черкесск къалэжьIэущ, партым и обкомым и лэжьакIу эу. А кьалэнхэр зэрырихьыкIыж хуэдэурэ, абы щIэныгъэ-кьэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр щызэфихырт и щIэныгъэм щыхигъахьуэ, Дунейпсо литературэм и институту Москвэ дэтым.

Лъэпкъ литературэм и тхыдэм дыщIа кьэхутэныгъэхэм хуабжьу дихьэха Хъупсырокъуэр 1957 гъэм ар щIэтIысхьащ СССР-м ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием Дунейпсо литературэмкIэ и институтым и аспирантурэм. Абы и ужькIэ Хьызыр политикэр Iэщ1ыб ищIащ икIи зэфIэкIыбу бгъэдэлъ псори хуиуэгъэIащ лъэпкъ тхыдэр, литературэр, щэнхабзэр джыным. А лъэхъэнэращ ар Къэрэшей-Шэрджэс къэрал пединститутым егъэджакIуэу щратъэблэгъари.

А гъэм дэнэкIи Iэтауэ щагъэльапIэрт Къэрэшей-Шэрджэсыр Урысей къэралым зэрыгухьэрэ ильэс 400 зэрыркьур. Хъупсырокъуэм и яIэ щIэныгъэ лэжьыгъэми лъабжьэ хуищIар а Iуэхугъуэрат. ИужькIэ ар и тегъэщIапIэу Хьызыр итхауэ щытащ и кандидат диссертацэри. «Адыгэ литературэхэм я лъэпкъ нэщэнхэр» цIэр зыфIищащ кьэхутэныгъэр Кавказ Ищхьэрэм ильапкъэм я литературэхэр джыным гуаэзэ хуэхьуауэ жыпIэ хуунщ. Хъупсырокъуэращ ящэ дыдэу адыгэ лъэпкъым я литературэхэм зы щIэдзапIэ зы тхыдэ яIэу кьэзыгъэльэгъуэ ар. Урысей Федерацым и тхакIуэхэм я езанэ зэхуэсым Хъупсырокъуэм щыжиIащ адыгеи, кьэбэрдеи, щэрджэс литературэхэр зэпэщхьэхуэу зэрыщыIымытыр, ахэр псори зы адыгэ лъэпкъ литературэу лъытэн зэрыхуейри кьыхигъэщащ.

Адыгэ литературэм и зыужьныныгъэр нэхъри нэхъ куужу зыдж щIэныгъэлIым а уэртIыныгъэм зыщригъэужьащ и доктор диссертацэми. «Лъэпкъ Iуэрыйуатэм деж щегъэжьауэ иджырей лъэпкъ литературэм нэсу» зыфIища а лэжьыгъэщхуэр Хъупсырокъуэм утыку кьрихьащ 1970 гъэм икIи екъулIэныгъэ иIэу пхигъэкIащ. Абыи а лэжьыгъэм кьыкIэлъыкIуэ адрей кьэхутэныгъэ куэдми щIэныгъэлI щыпкъэм кьалэн нэхъыщхьэу зыщыхуигъэувыжыр и хэкумрэ лъэпкъымрэ, абы и тхыдэмрэ хабзэмрэ, Iуэрыйуатэмрэ художественнэ литературэмрэ кьыз зэрыщыщIэльэгъуэжарщ. Адыгэм кьикIуэ тхыдэ гъуэгуанэр зыхуэчэм нэпкъеIуэцIхэр» нэсу зэфIэгъуэвэжьнымрэ лъэпкъым и зэуэжьныныгъэм хэлъхьэныгъэ хуэзэщIа еджагъэшхуэхэр наIуэ кьэщIныныкIи щIэныгъэлIым пщэрылъ зыхуищIыжа Iуэхущхуэхэм ящыщщ.

Хъупсырокъуэм и кьэхутэныгъэхэм уиэтIныныгъэ куэд кьыз зэщIауыбыдэ. И кьалэмпэм кьыпIыкIа щIэныгъэ статьяхэу «Кавказ Ищхьэрэм щыпсэу лъэпкъхэм я литературэ зэпыщIэныгъэхэр», «Урыс, адыгэ лъэпкъхэм я зэнныбжьэгъугъэр», нэгъуэщIхэми ятепщIыхьмэ, ар литературэр лэжьакIуэщ икIи щэнхабзэ Iэщ1агъэлIщ, тхыдэтхщ икIи социологщ. Абы адыгэ литературэхэр я закъуэу иджыкым, атIэ абыхэм я зыужьныныгъэм хельагъуэ нэгъуэщI лъэпкъ литературэхэми, кьапщт эмэ, ящыс литературэм и тхыдэми я нэщэнхэр. Хъупсырокъуэр апхуэдэу хуэкIуэ мыпхуэдэ гупсысэм: «Лъэпкъ литературэхэм нэгъуэщI литературэхэм емыпхахуэ, я закъуэ зауэкIыркым, атIэ адрейхэм яхэщIа нэщэнэхэу езым и лъэпкъ гупсысэмрэ хабзэмрэ хуэкIуэхэри кьещтэ, и лъэпкъ фащэ щетIагъэри кьеГъэсэбэп». Апхуэдэу Хьызыр мыхьэнэ щхьэхуэ ирет хамэ литературэ тхыгъэхэм ящыщ куэд анэдэлъхубзэкIэ зэдэзэкIа зэрыхьум икIи абыхэм я фIыгъэкIэ хамэ лъэпкъхэм я псэукIэм, хабзэм, щэнхабзэм дэри щыгъуэ зэ дыз зэрыхуэхьури кьыхегъэбелджылыкI.

Сыт хуэдэ зэпыщIэныгъэ кууэр лъэпкъхэм яку дэмыкIымри, Хъупсырокъуэм кьызэрыкIыжащ, Iэтхэнэ лъэпкъми, псом хуэмыдэу иджырей лъэхъэнэм, адрейхэм кьаззэрыхэщхьэхуэкI нэщэнэхэр иIэн, аэр нхьуэм икIи иригъэфIэкIуэн хуейщ. Апхуэдэщ, псом япэрауэ, анахьэ зыльхубзэр хьумэнкIи, лъэпкъ щэнхабзэм зегъэужьыныр, лъэпкъ тхыдэр нэсу джыныр. А мурадхэр и гъуэгугъэпытэу эу, Хъупсырокъуэм кьыдигъэкIыж щIэдзащ «Черкесия» («Черкесия») жылагъуэ-политикэ журналыр. 2002 гъэм абы и езанэ номерыр дунейм кьытехьащ. КъыкIэлъыкIуэ ильэситIым кьринубыдэу кьыдэкIа номер 3-м профессор щэджащэм и нэ щIэту кьытехуащ адыгэ лъэпкъыр зытъэплейтей Iуэжьгъэ эхэм яте уэхуа тхыгъэ купщIафIэхэр, кьэхутэныгъэ хьэлэмэтхэр. Апхуэдэхэт, псалъэм папщIэ, Урыс-Кавказ зауэм теуэлуэхэр, лъэпкъ Iуэрыйуатэм хэль щхьэхуэныгъэхэр кьыщыгъэлъэгъуахэр, иджыри нэсу джа мыхьуэ тхыгъэ кьэхъуьхьащIэхэм тегъэпсыхьахэр, нэгъуэщIхэри. Журналым гулыитэ зыхиущIар иджырей адыгэ литературэм игъуэт зыужьныныгъэм и закъуэтэкIым, атIэ абы щIэдзапIэ хуэхъуауэ, ипэкIэ тхыдэм и «нэхур» зытридзэну кьызыхуимыхуа лъэпкъ тхакIуэ, усакIуэхэм я гъащIэмрэ творческэ Iэдакъэщ1эжьмрэ кьыгъуэгъуэжащ. Абы и лъэныкъэкIи Хъупсырокъуэм и журналым щIэныгъэ-кьэхутэныгъэ мыхьэнэщхуэ иIэщ.

ЩIэныгъэлIым и тхыгъэхэм ящыщ зыми зэреджэр «Шэрджэсхэм ятехуэуа псалъэ» жиIэущ. Адыгэ лъэпкъым и цIыху пэжым дрогушхуэ икIи дропагэ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Удз гъэгъахэр тралъхьэ

Гъатхэпэм и 12-м ягъэлъэпIащ Урысейм и уполномочэнныгъэ-зэзэщIакIуэ IэнатIэм и лэжьакIуэм и махуэр, езы IэнатIэр кьыззэрыгъэгъэпэщIр илъэси 131-рэ зэрырикъур. Абы теухуа Iуэхугъуэхэр КъБР-м щыIэ УФСИН-м щекIуэкIащ.

ХАБЗЭ зэрыхъуауэ, Iуэхущ1апIэм и унафэщIхэмрэ лэжьакIуэхэмрэ щызэхэсуэсащ зи кьалэн зыгъэзащIуэ хэкIуэда я ныбжьэгъуэм я фэепIым деж. Урысейм Тезырэр ирегъэхьэкIынымкIэ и федеральнэ Iуэхущ1апIэм и управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI КIуэкIуэ Мухьэмэд Урысей ФСИН-м и тхьэмадэ, къэрал кIуэцI кьуупкъым и генерал-полковник Раймер Александр Мэзкуу щекIуэкIыну зэхуэхьэм зэрыригъэблэгъэм кьыхэкIыу, зэIущIэр кьызэIуихащ абы и кьалэнхэр зыгъэзащIэ Теувэж Мурадин.

Зи махуэр зыгъэпапIэхэм псалъэ гуапэхэмкIэ захуигъэзащ унафэщIым и кьуэдзэ Нэгуэм Мухьэмэд. Абы кьызэхуэсахэм аргуэру зэ ягу кьигъэкIыжащ я лэжьыгъэр шынагъэншэу зэрыщымытыр икIи 2005 гъэм кьэхъуауэ щыта гуаэр абы и щапхъэу кьихьащ. Апхуэдэу хуэсахэм ягу кьагъэкIыжащ я пщэрылъхэр ягъэзащIэу хэкIуэда я лэжьыгъэхуэху Нурсахатов Джумагельды, Шыбзыхьэу Бесльан, Бартошек Владислав, Кьэшэж Элинэ, Хлоплов Сергей, Корчагин Иван, Багъэтыр Виталий сымэ.

Зэхьыльм и кIэухым кьызэ хуэсахэм фэепIым удз гъэгъахэр тралъхьащ.

ЗЭБАР Мадинэ,
КъБР-м щыIэ УФСИН-м и пресс-Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.

● Ди лъэпкъэгъуэр

Хэхэс гъащIэр нэхъ тынш тщищIу

- СИ ХЭКУ дыщэм сыщыпсэуэныр сыт и уасэт! Абы сыт щыгъуи сыкьыхуопабгъэ икIи сэ схуэдэхэр куэдш. Хэхэс гъащIэр ирах тынш тщIу кьысщохьу «Адыгэ псалъэ» газетым. Адыгэбзэм зегъуэжьынымкIэ кьалэныщхуэ зыгъэзащIэхэм ящыщщ ар.Ди щIыналъэм къыщыхьукIыщщIэ Iуэхугъуэ куэдым щыгъуаэз зыхудошIыф, ди благъэ-Iыхьлыхэм ятехуэуа хьабархэм дыкьэджэ, ди пльхэм и щIыпIэ дахэхэр, адыгэ лъэпкъым и Iуэхущ1ахэр сурэтхэмкIэ зыдогъэщIыху.

«Адыгэ псалъэ» газетыр интернетым зэрыпащIэрэ ди Iуэхур тынш дыдэ хъуащ. Абы и фIыщIэкIэ дащэм я адыгэ газетым дыкьоджэф, ди нэхъыжьхэм хэкужьым щызэкIуэ хьыбар гъэщIэгъуэнхэр зэяжьдоIэжьыф, дыззхуэтэхэнуи IэмалыфIхэр кьыдет.

Апхуэдэуи ди гуапэ мыхъууи гулыдмытэуи кьанэркьым газетым и напжкIуэцIэм хэхэс адыгэхэм ятехуэауэ куэд кьызэрытехуэм, гулыитIэшхуэ кьызэрытхуащIым. КьыхэзгъащIыну сыхэчIащ ди пльхэгъуэм гуфIэгъуэ яIэу газетым дыкьышцеджэм, дызэрыядгуфIэр, гуэвэгъуэ щыIэмэ, дызэрыншэщхьейр.

Адыгэбзэр ди щIэблэм едгъэщIэнымкIэ сэбэпышхуэ кьытхуохьу «Адыгэ псалъэ» газетыр.

КЪАРЭЦIКIУ Илкай,
егъэджакIуэ.
Къайсэр къалэ, Тырку.

● Теплъэгъуэ хэр

Я щэхухэр зэхуэIуатэ. *Сурэтыр* **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур гъатхэпэм и 20-рщ.

Зэхьэзэхуэм кърикIуахэр зэхалъхьэж

● Пресс-конференц

Урысей Федерацэмрэ Америкэм и Штат Зэгуэтхэмрэ бэнэкIэ хуитымкIэ зэрызэпеуам кърикIуахэм щыхэплъэжащ КъБР-м спортымрэ туризмэмкIэ и министр АфIэунэ Аслъэн, УФ-м бэнэкIэ хуитымкIи и командэ къыхэхам и тренер нэхъыжь Тембот Анзор. БэнакIуэхэу Мер Арсенрэ Джэду Iэниуаррэ, тренерхэр хэту дыгъуасэ екIуэкIа пресс-конференцым.

- ПСОМ япэрауэ, ди бэнакIуэхэм сохъуэхъу зэIущIэм текIуэныгъэ къыззрыщащхьамкIэ. Псом хэумыдэу гуапэ сщыхьуащ къэралым и щыхьыр яхьумэну утыкум къихьаэр псори ди республикэм зэрыщIыщыр. Абы икъукIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ. - жиIащ Афlэунэ Аслъэн. - А зэхьэзэхуэм и пэ къихуэу Мэзкуу щекIуэкIа зэпеуэм Дунейпсо Кубокыр къыщацхьат Махуэ Билалрэ Джэду Iэниуаррэ. Мы махуэхэм Махуэмрэ Урыш Анзоррэ къэралым и командэ къыхэхам и гъусэу Европэ чемпионатым зыхуагъэхьэзыр.

КъыкIэлъыкIуэу псалъэ зрата Тембот Анзор зэIущIэ зыбжанэ щыгъуэзэ ищащ зэхьэзэхуэм зэрызыхуагъэхьэзыра щыкIэм.

- Нэгъабэ и щIыгъуэ мазэм къэралым и командэ къыхэхар США-м дыщыIащ. Абы иджырейм хуэдэ зэIущIэ зыбжанэ щедгъэкIуэкIащ икIи зэщхьэщыкIынымрэ зэщхьэщыкIынымрэ щыIуэ текIуэныгъэр къыщыхьащ. Мы махуэхэм дызыIущIа спортсменхэр къыщыгъуэхащ, абыхэм я бэнэкIэхэм я пIасхьэхэм щыгъуаэз зытщIащ. Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я бэнакIуэхэмрэ дзэрэ зэпыщIэныгъэ быдэхэр ильэс зыбжанэ хуауэ зэхудиIэщ икIи Iэмал зэриIэкIэ мыпхуэдэ зэхьэзэхуэр едгъэкIуэныкIынущ, - къыхигъэщащ Темботым.

ЖЫЛАСЭ Замир.

● ГИБДД-м къет

Шынагъуэншагъэм кIэлъыплъым и закъуэкъым

КъБР-м щыIэ МВД-м и ГИБДД-м и Гъуэгу-плъыр Iэнатlэм и лэжьакIуэхэр, УФ-м и МВД-м зэрифыщхуам тету, гъатхэпэм и 1 - 5-хэм екIуэжа зыгъэзэныгъэхэм жыдэзэрэ хэтащ.

АБы къриубыдэу абыхэм транспорт 13374-рэ, цIыху 18304-рэ кьапщытащ, гъуэгум зэрыщIызекIуэ хабзэхэр 4312-рэ кьыззпаудауэ, нэгъуэщIу щIэпхьаджагъэ 16 ялжьауэ кьыщIагъэщащ.

ДПС-м и лжьакIуэхэм я кьалэныр гъуэгум кIэлъыплъыным и закъуэкъым. Абы хохьэ жылагъуэ шынагъуэншагъэр кьыззгъэпэщыныр, щэч зыхуащI автомашинэхэмрэ цIыхуэхэмрэ кьапщытэныр, щIапхьаджагъэхэр зыгъэкIахэр, ирахужьа автотранспортхэр сэтей къэщIыныр. Кьыхэдгъэщынщи, зыгъэсэныгъэхэр щекIуэкIым Iэщ1э тхуэ кьытрахащ, хабзэм къемызэгъыу спирт яшэу кьыщIагъэщащ, кьалъыхьуэ цIыхуэхэмрэ автомашинэхэмрэ ябыдащ.

ДПС-м «Азауэ постым деж кьыщагъэувыIа «ВАЗ-2106» автомашинэм и рулым дэс бахьсэндэсыр компьютер кьидигъуауэ хуагъэфащэу яубыдащ. «Кавказ» федеральнэ гъуэгум кьыщагъэувыIа, Лэскэн ЕтIуанэм щыпсэум зэригъаIуэ автомашинэр кьыщапщытэм, а транспортыр кьызэралъхьуэр кьыщIагъэтэщащ. Налшыкдэсым и автомашинэр кьыщащым зыхуэфащэ тхылъ зыщIымыгъу травматическэ кIэрахъуэрэ абы и шэу щырэ кьытрахащ.

БОЗИЙ ФатIимэ,
КъБР-м щыIэ МВД-м и ГИБДД-м и ДПС-м и лжьакIуэ.

Гъэпцlакlуэхэм защыфхъумэ!

Хабзэхьумэхэм иужь зэманым кьаIэрыхьэ хьыбархэм кьызэрагъэльагъуэкIэ, бзаджащIэхэм щIэх-щIэхуурэ щыIуэ гъэншэхэр кьагъапIэ хьуащ. Абыхэм я муурадыр зыщ - сыт хуэдэ щхьэусыгъуэкIи мыльку зыIэрагъэхьэнырщ. Гъэпцlакlуэ хэм кьагъэсэбэп Iэмалхэри щIэкьым, ауэ, хабзэ зэрыхьуащи, пкагъэкIыж. Ямыщыхьуэхэм, щепсэлъыплIэкIэ сакъын зэрыхуейр зыщамыгъэгъупщэну хабзэхьумэ Iэнатlэхэм я лэжьакIуэхэм щыхуэхэм ягу кьагъэкIыж пэтми, дей зытехьэхэр щыIэщ.

НЭХЪЫБЭУ гъэпцlакIуэхэр зытегушхуэр ныкъ зекIуэтахэрщ. Иджыблагъэ наIшыкдэс пенсионер цIыхубзым и деж щIалэ гуэр псэльащ, и кIуэ закъуэм Гъэгу насыпыншагъэм фэбжь хихауэ икIи икIэщIыпIэкIэ сом мин 50 хуейуэ жиIэри.

Кьыщэрыхьа хьыбар гуаэм игъэжьжьуа нанэм игу кьэжIакъым и кьуэм деж псальэу Iу жыр зыIутыр эхэгъэжьIыну. Унэм щIэ льыр зэхуихьэсщ, и гъунэгъуми щIыхуэ кIыйихэр, и кьуэм и «ныбжьэгъу» кьыхуэхIуам сом мин 20 ираташ.

Анэм кьыззэрагъэпIащ щIэх кьыгурыIуакъым. Iуэхур щызэхэлар и кьуэр кьэкIуэжа нэужьщ.

Абыхэм занщIэу милицэм зыхуагъэзащ. Иджырей техникэ Iэмэпсымэщ1эхэм я фIыхэкIуэр щыщIыхьа бжыгъэхэм, щхьащIэтэ Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жуэап яхь. Авторэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтекIуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдахэм яхуэхьынырэ щIр дэтыщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щIэныкIэ жуэап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ягъащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Ленинм и щIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

● КъБР-м щыIэ МВД-м

гъэкIэ кьэпсэльам и телефон номерыр яубзыхуащ, гъэпцlакIуэ зэраубыдыным яужь итщ.

* * *

КъБР-м щыIэ МЧС-м и пресс-Iуэхущ1апIэм и унафэщIым сом мини 2 фIэкIуэдащ, и классэгъэуцу щытам дэIэпыкьун мурадкIэ. Ахьышэр здигъэкIуэну телефон номерыр абы кьыжриIат и классэгъэм и «цIыхугъэм». Пресс-секретарым лъэIур игъэззэщIащ, ауэ сом мини 5 хуагъэхьыну етIуанэу зыкьыщыхуагъаззэм щэч ишIри, школым кьыщыдеджауэ щытам деж псэльащ. НаIуэ зэрыхъуамкIэ, абы Iуэхум зыри хищIыкIыртэкьым, ар кьыгъэсэбэпурэ, зыгуэрым и Iуэху дигъэжьIу арат.

ЩIалэхэм мышIэм зыщыхуагъаззэм кьащIащ апхуэдэ лей зытехьаэхэр я закъуэу зэрыщымытыр икIи ахэр зи IэрыкI гъэпцlакIуэ гупыр суд лащхьэм зэрыращIар.

Ди жагъуэ зэрыхьунщи, апхуэдэу кьагъапцlэхэр защыфхъумэ. Уэрамым кьащцыхуэзэа «кьэхъуну-кьэщIэнур зэхэзыгъэкIэм» ягъэшынэ цIыхубз дапщэм я мыльку езыр-езыру абыхэм ирата?!

И нэхьыбэм лей зытехьаэхэм милицэр ядоIэпыкъу, нэгъуэщIым и мыльку кьэзыгъэсэбэпыну хущIэкьухэр жэуапым ирашалIэ, ауэ сакьын, нафдзэгубдзапIэу щытын зэрыхуеймкIэ Iэщ1агъэлIэм я чэнджэщхэр уэрам фымыщIмэ нэхъыфIщ.

КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-Iуэхущ1апIэм.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР
ХьэфIыцIэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ),**Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхьы секретарь), **ГъущIо Зариф, Кьардэн Маритэ, Ныбжь Таисэ, Хьэжыкьарэ Алик.**

ДИ ХЭщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинм и щIэкIэ щыIэ уэрам, 5, егъуаэ - епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭ: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлжьэныныкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэзекIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Мы кьыдэкIыгъуэм елъытыгъэу: къэрал зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщэкI Соня, редактору Банэ ФатIимэ, корректорхэу Афэ Тамарэ *(2,3,5-нэ нап.)* ПхатIыкI Юрэ *(1,4,6-нэ нап.)*, корректорхэм я дэIэпыкьуагъэ Иуан Заирэ. *КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ* Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ, ГъукIэлI Рае, *сурэтыщI* Бицу Жаннэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ щыградзар сыхьэт 21.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 10.125 ● Заказ №720